

# **Trifekta Rezistans Sivil : Inite, Planifikasyon, Disiplin**

The Trifecta of Civil Resistance:  
Unity, Planning, Discipline

**Hardy Merriman**

opendemocracy.net, November 19, 2010

Tradiksyon: Ms. Marie Carmel Berrouet, Janvyè 2021  
Evalyatè: Mr. Jean Sonel Basquin



Pibliye sou *openDemocracy* (<http://www.opendemocracy.net>)

## **Trifekta Rezistans Sivil : Inite, Planifikasyon, Disiplin.**

[Hardy Merriman](#), 19 Novanm 2010

Gen twa (3) eleman fondamental ki mete aklè diferans ant siksè ak echèk tout mouvman san vyolans nan lemond: **Inite, Planifikasyon, ak Disiplin san vyolans .**

### **Apwopo de otè a**

Hardy Merriman te Direktè Pwogram ak Rechèch nan ICNC depi lane 2005 rive nan lane 2007. Se li ki te prepare piblikasyon yon liv Gene Sharp ekri ki rele "[Waging Nonviolent Struggle: 20th Century Practice and 21st Century Potential](#)". Li te patisipe tou nan ekri liv ki rele "[A Guide to Effective Nonviolent Struggle](#)".

### **Ki sa ki fè rezistans sivil san vyolans bay rezilta?**

Si nou aksepte lide ki di ke nan poitik “yo pa janm bay pouvwa, se pran w pran l” nou taka konkli nòmalman ke mouvman san vyolans ki fè listwa yo te reyisi paske yo te gen zam ki pi pisan ke fòs opozisyon yo.

Konklizyon saa demanti, anpi louvri yon liy dirèk pou moun doute de dizon ki ta vle fè moun kwè ke an reyalite, pouvwa pran rasin nan kontwòl sou resous materyèl ak kapasite pou fè vyolans. Si ide saa te vreman kòrèk, tout mouvman san vyolans tap tou echwe davans anfas opozan ki gen plis zam ak minisyon. Antouka, listwa revele ke se yon bann batay san vyolans byen kalkile, kap defann menm kòz yo, depi plis pase yon syèk, ki te bay rezilta. Batay sayo te pran tout kalite fòm, e lemond antye te santi soukous yo.

### **Men kèk egzanzp :**

Nan lane 1930, endyen yo te gen endepandans yo paske yo te tanmen yon bòykotay jeneral san limit (bòykotè ekonomik, bòykotè lekòl, grèv, refi peye task, dezobeyisans sivil) kite menase rann peyi a engouvènab, se konsa yo te rive konvenk peyi la Bretay bat zèl li.

- Nan lane 1950 rive nan 1960 yo, mouvman dwa sivil nan peyi Etazini te rive gen batay pou egalite dwa moun, gras a kanpay sans vyolans tankou bòykotay otobis nan Montgomery, sitin nan Nashville, you fason pou yo eksplwate feblès sistèm segregasyon enstitisyonnalizeze a, pou you rasanble sipòtè nan tout peyi a.
- Nan lane 1965 rive 1970, Inyon Ouvriye Agrikòl ki te yon ti òganizasyon san baz te rive jwenn rekonesans nasyonal gras a fason entelijan yo te itilize grèv ak bòykotè plantasyon rezen nan Kalifòni.
- Nan lane 1986, nan peyi Philippines, aktivis te makonnen ak militè ki fè defeksyon kont diktati Ferdinand Marcos ke peyi Etazini te kore. Soulèvman san vyolans saa kite rasanble plizyè milyon moun te tèlman mongonmen ke rapidman Marcos te koumanse pèdi fòs san rete jouk li te oblije kite peyi a.
- Nan lane 1988, pèp peyi Chili metrize lapèrèz ke diktati brital Augusto Pinochet te enstale a, anpi tanmen kanpay ak manifestasyon kont li. Aksyon sayo, lè yo pran yon dimansyon enkontwolab, tèlman febli sipò Pinochet te genyen ke menm manm jent militè a ki te patnè li te vin trayi l. Pinochet te oblije kite pouvwa a.

Nan lane 1980-1989, yo fè eleksyon pou lonmen yon sendika endepandan ki fè pati de mouvman solidarite a ; sa w tande a, yo pran gouvènay peyi a, anpi yo kraze pouvwa sovjetik la.

- 1989 Manifestasyon ak grèv ki pote non “Velvet Revolution” (Revolisyon Vèlvèt) rive reyisi sa yo rele yon tranzisyon pasifik kont rejim kominis nan peyi Tchekoslovaki. Menm kalte mouvman sayo te reyisi tranzisyon pasifik nan peyi Lès Almay, Latvia, Lityani ak Estoni, nan lane 1991.
- Grèv, bòykòt, dezobeyisans sivil ak sanksyon lòt peyi enpoze nan kòmansman lane 1980 yo, te jwe yon kokenn wòl nan derasinen rejim “apartheid” (rejim rasis ki baze sou koulè po) nan peyi Sid Afrik, nan kòmansman lane 1990 yo.
- Pannan dis (10) lane ki vin an apre yo, pèp peyi Sèbi (2000), Jòji (2003), Ikrèn (2004), mete do rejim otokratik la plat atè, nan mobilizasyon pou anpeche, anpi reziste kont, rezilta eleksyon fo mamit.
- Nan lane 2005, pèp peyi Liban te bat chalbari dèyè lame peyi Lasiri ki te okipe yo.
- 2006 Pèp peyi Nepal tanmen dezobeyisans anmas anpi fòse restorasyon gouvènman sivil.
- Nan lane 2007 rive 2009, nan deblozay revolisyon vyolan, ak gwo chabrak nan lame kite kanpe anfas yo, nan peyi Pakistan, avoka, gwoup sosyete sivil, ak yon bann senp sitwayen nan popilasyon an, leve kanpe kont rejim militè a, fòse restorasyon yon sistèm jidisyè endepandan anpi kraze zafè mezi ijans ke leta te deklare yo.

### **Si Pèp pa obeyi, chèf paka Gouvène**

Mouvman nou sòt site yo ak lòt mouvman rezistans sivil te reyisi paske yo te baze sou prensip fondamental ki gen awè ak pouvwa: prèske tout enstitisyon, òganizasyon, ak sistèm nan yon sosyete depann de konsantman, pote kole ak obeyisans pifò moun ki nan mas pèp la. Pa konsekan, si pèp la chwazi pou l pa bay konsantman l ak kooperasyon l nan yon fason estratejik òganize, li ka itilize vyolans. Lè pèp la deside dezobeyi, prezidan, majistra, gwo biznisman (CEO), jeneral, ak lòt moun ki gen pouvwa paka dirije pa lafòs.

Taktik san vyolans tankou grèv, bòykòt, manifestasyon popilè, dezobeyisans sivil, etablisman enstitisyon ranplasman ak pratikman plizyè santèn lòt

aksyon kreyatif, te sèvi kòm zouti pou reyalizasyon sa yo. Se pat nesèsman pou rezon moral yo te itilize yo, men pito pou rezon pragmatik. Gen moun ki te adopte rezistans sivil paske yo te temwen ke mòd estrateji sa yo te bay rezilta nan lòt peyi oswa nan pwòp istwa yo ; yo rekonèt ke mòd rezistans sa yo se te meyè wout pou yo reyisi nan opsyon you te genyen yo.

### **Konpetans ak Kondisyon yo**

Nan zafè viktya ki sèvi kòm referans nan mouvman san vyolans, sepandan, nan istwa pèp menm epòk la, gen anpil egzanp mouvman ki pa reyisi oswa ki rete san swit. Lemond te temwen revolisyon san vyolans nan peyi Lapolòy ak Tchekoslovaki nan menm ane ke masak Tianamen nan peyi la Chine nan te fèt. Nan dis dènye lane ki pase yo, anpil pèp itilize taktik san vyolans tankou nan peyi Bimani, Zimbabwe, Ejipt ak Iran, men jiska prezan objektif mouvman sa yo pa atèri. Nan mouvman batay volontè nan peyi Timor de l'Est, rezistans sivil te endispensab, men pannan li tap ankouraje eklatman mouvman sivil kont okipasyon lòt peyi, tankou nan Palestin, Lwès Papwa, Lwès Sahara ak Tibè – tout batay sa yo rete san solisyon.

Kisa ki ka jistifye kontradiksyon ki nan ka sa yo ak nan lòt ka ankò?

Faktè ki fè lòt mouvman yo reyisi oswa echwe se dèske moun ki gen bon sans, ki byen enfòmè kapab di yo pa dakò [\[1\]](#) Chak sitiyasyon yo trè konplike anpi lide fè deblozay pi difisil ankò. Rezònman ke m tande pi souvan nan bouch jounalis ak lòt moun osijè itinerè ak rezilta mouvman sayo ak lòt mouvman kite chita sitou sou bit san vyolans lan, te gen awè anpil ak estrikti, kondisyon yo ak nan ki sikonstans eksepsyonèl chak mouvman tap opere.

Yo te di pa egzanp ke mouvman san vyolans reyisi sèlman nan sosyete kote opresè yo refize itilize lafòs. Gen lòt ki ka declare ke kèk pwoblèm sou plan ekonomik ( tankou ideyoloji ekonomik, nivo ekonomik, distribisyon richès, prezans yon klas mwayèn) ak nivo edikasyon, kapab trè kritik pou mouvman ki vize gen siksè. Gen menm lòt ki declare ke wòl sipèpisans yo ak ejemoni rejyonal yo toufe enpòtans lòt eleman nan koze determine rezilta yon mouvman. Kantite estrikti ak kondisyon adisyonèl yon moun ka site... tankou divèsite etnik, istwa politik ak kiltirèl, grosè popilasyon an, lajè

tè a, anpil ; an verite, anpil nan kondisyon sa yo ka gen enfliyans sou pakou yon mouvman kèlkonk.

Tout sa ki an kontradiksyon ak koze estrikti ak kondisyon se bagay ki chita sou kapasite yon mouvman pou l simaye, se sa moun save yo rele ajans. Kapasite ak ajans se eleman ke yon mouvman ka plizoumwon kontwole, tankou ki estraji aksyon mouvman an chwazi, ki lang li itilize pou l mobilize moun anpi fè yo patisipe; kouman yo monte koalisyon, ki kote, ki mwayen yo itilize pou vize advèsè yo, ak yon latriye lòt desizyon ki gen awè ak koze rezistans sivil.

Dapre mwen, souvan moun ki gen kontak ak mouvman san vyolans yo anpi ki analize yo, manke ensiste ase sou faktè konesans, ni yo pa bayo ase enpòtans. Rezon ki fè tout bagay sa yo depase vizyon atik sa a – yon ladan yo se paske pèp la gen dout oswa pa gen konesans sou rezon primòdyal ki mete mouvman an sou pye – sèke atravè chanjman nan konpòtman kolektif, pouvwa kapab sòti nan men opresè yo pou l al jwenn mouvman popilè yo. O kontrè, yo aksepte ke ta dwe genyen lòt eleman ekzojèn oswa kèk sikonstans ekstraòdinè ki ta rann sa posib sizoka sa ta rive.

Men tou, nou ka respekte wòl estrikti ak kondisyon jwe nan enfliyanse pakou ak rezilta mouvman yo, sans nou pa diminye enpòtans ajans ak ladrès. Anefè, ajans ak ladrès fè la diferans, anpi nan sèten ka, yo ede mouvman yo triyonfe, detounen, oswa yo transfòme kondisyon advès yo.

Enpòtans, defwa siperyorite ladrès ak ajans konn pase pou konesans kolektif nan kèk disiplin tankou biznis ak militè. Pouki batay san vyolans yon jan diferan sou pwèn sa a? Yon jeneral nan lame oswa you gwo biznisman “CEO” ta ri si yo ta di yo ke estrateji pa gen tèlman gran enpòtans sou rezilta efò yo, nan kelkilanswa sektè nan lavi a. Zèv klasik Sun Tzu “The Art of War” pa tap gen tout anvègi sa a si moun te panse ke rezilta konpetisyon ak entèraksyon ki lakòz diskisyon initil te toujou deklare davans, sou baz richès.

Donk, pou nou retounen sou kesyon ki te poze nan entwodiksyon dokiman sa a: Ki sa ki fè mouvman san vyolans bay rezilta”? nou ka koumanse jwenn repons nan chwa estrateji ak meyè pratik ki tap paweze nan mouvman istorik yo. Gen anpil ladrès ak eleman ki sòti nan ajans ki ka enfliyanse rezilta yon mouvman, men (onon la senplisite) si nou ramne yo a sa ki

esansyèl, twa (3) eleman mouvman san vyolans prime: Inite, Planifikasyon ak disiplin san vyolans.

### **Inite, Planifikasyon ak Disiplin**

Prewmye sak frappe atansyon lè w fèk pran konesans sijè a, sè ke twa (3) eleman sa yo enpoze tèt yo. Kan menm, nou rate pwofondè eleman sa yo ak kesyon yo fè moun poze, e menm poze tèt yo, lè yo antrevwa mouvman yo nan nivo sitou taktik ak detay pa moso. Yo chak merite pou nou fè yon rale sou yo.

*Inite* enpòtan paske mouvman san vyolans jwen fòs nan patisipasyon moun ki soti nan plizyè sektè sosyete a. Annou di l yon fason ki pi senp: kantite enpòtan. Plis yon mouvman gen moun ki sipòte l se plis li gen lejitimite, fòs, ak repètwa taktik. Pa konsekan, mouvman ki reyisi toujou ap atire nouvo gwoup nan mitan yo, sètadi: gason, fanm, jèn, adilt, grandèt, popilasyon lavil kou andeyò, minorite, manm enstitisyon relijye, fèmeye, travayè, biznisman, pwofesyonèl, moun rich, klas mwayèn ak klas ki ekonomikman pi fèb la, polis, sòlda, manm pouvwa jidisyèl, elatriye.

Epi tou, mouvman ki gen siksè toujou ap chèche atire sipòte opozan yo; yo konprann ke yon nan fòs rezistans sivil reside nan pwojete yon vizyon inite, nan kapasite pou l entwodwi trayizon ak defeksyon nan kan opozan yo. gPa egzanp, nan peyi Afrik Disid, nan mouvman kont segregasyon rasyal yo, destabilizasyon sivik makònen ak apèl pou rekonsilyasyon nasyonal la te rive jwenn yon sipò jeneralize, kreye inite pou kòz chanjman, menm jwenn sipò kèk grenn blan ki odepa te adere ak rejim apartheid la.

Moun kap patisipe nan mouvman san vyolans dwe pran de desizyon konplike tou sou wout mouvman an ta dwe suiv. *Estrateji pou planifye aktivite* sa yo gen yon enpòtan kapital nan bagay sayo. Kelkwa merit yon moun nan defann yon kòz, oswa zak ki moralman pa ekskizab opozan yo poze, an jeneral, se pa sèlman zak rezistans espontane ak enpwovize ki kraze opresyon, menm si zak sa yo byen egzekite. Okontrè, mouvan yo gen fòs lè yo planifye ke rezistans sivil kab reyalize sistematikman, anpi jwenn

ranfò moun nan sosyete a pou rive reyalize bi ke yo te vize, anpi kanpe dèyè yo.

Pou decide ki taktik pou itilize ak kouman ou pral anplwaye yo, devlope propozisyon ki pral mete zèl nan do pou chanjman ki baze sou aspirasyon ak revandikasyon pèp ke mouvman an sanse reprezante a; planifye kimoun oswa ki gwoup moun pou vize avèk taktik, objektif kout, mwayen ak long tèm wap pouswiv, etabli liy kominikasyon pou ka monte ak negosye koalisyon, se kèk nan lide bazik pou mouvman san vyolans yo estratejize kreyativman. Bagay sa yo mande yon analiz olistik sitiyasyon kote batay sans vyolans ap reyalize. Anplis jan yo planifye mouvman ki pou bay rezilta, yo dwe ranmase enfòmasyon tout jan ki posib, koute moun nan baz politik yo, analize tèt yo, ak twazyèm kolòn san konviksyon yo ki toujou ap fofile nan konfli yo.

Finalman, yon estrateji gen siksè sèlman si yo ekzekite l nan disiplin. Pi gwo risk echèk disiplin nan yon mouvman san vyolans se lè gen yon manb li ki vin vyolan. Pakonsekan, disiplin san vyolans, kapasite moun pou yo refize itilize vyolans menm lè yo amba pwovokasyon se yon atitid ke souvan yo ankre nan tèt patisipan yo. Gen de rezon pratik pou sa: Ensidan vyolan manm yon mouvman lakòz, kapab gen yon move enpak sou lejitime mouvman an, paske lap bay opozan yo pretèks pou yo ka itilize represyon. Anpi tou, yon mouvman ki toujou san vyolans gen plis chans posib pou l atire yon bann ak yon pakèt sipòtè – menm kèk sipòtè advèsè a, lò batay la ap vale teren tout bon.

Eksplorasyon konplè eleman fondamantal sa yo taka sèvi kòm sijè pou anpil liv sou zafè merit rezistans san vyolans, anpi tou lap toujou kontinye enspire lòt etid sistematik. Chak mouvman ki pran nesans ajoute yon lo konesans sou konpreyansyon kolektif fenomèn sa a. Poutan gen anpil detay sou la ak lasyans, fòm politik ak aksyon sosyal sayo poko menm idantifye, alewè devlope.

Men, twa eleman sa yo : Inite, Planifikasyon ak Disiplin etènèl sa vle di yo ofri yon plan jeneral pou manm ak sipòtè mouvan yo, moun ki ekri rapò sou yo ; moun ki fè etid sou yo pap ezite evalye yo kòm mouvman etatik.



Eske li ini ? Eske li gen yon plan ? Eske li disipline?

Travay moun ki lotè twa prensip nan aksyon san vyolans sa yo louvri wout pou yon mond pi jis, pi pezig. Lavni pral depann de moun kap asire perenite mouvman an.

---

[1] Anndan aktik sa, mwen defini mouvman ki « Reyisi » kòm sila yo ki rive atenn objektif yo te fikse a, e mouvman ki « Echwe » yo c sila yo ki pa rive atenn objektif yo te fikse a. Gen yon kesyon tan nan definisyon an tou. Yon mouvman ki Reyisi ka rive atenn objektif li te fikse a (Tankou mouvman Orange nan Peyi Ukraine en 2004) men ak difikilte mouvman an vin fè fas a lavni pandan mouvman an ap kontinye ka provoke yon retou an aryè nan rezilta yo . Pou plis enfòmasyon sou dosye Ukraine nan, al gade nan atik 17 novanm 2010 [The struggle after people power wins](#). Ekri pa Olena Tregub ak Okshana Shulyar sou OpenDemocracy. Pa kont, yon mouvman ki pa rive atenn objektif li te vize yo (tankou mouvman Pro Democracy Chinois 1989) ka gen efè sou ane kap vini yo e ka fè avanse koz mouvman an nan yon bon sans. Pou plis enfòmasyon sou ka la Chine nan ale nan atik 17 Novanm 2010 la ki rele [“Repression’s Paradox in China”](#) Atik ki ekri pa Lester Kurtz sou OpenDemocracy. Byen ke li pa oblije chanje klasifikasyon yon mouvman spesifik tankou “reyisi “oubyen “echwe,” efè pase sa yo kapab trè pwisan e trè remakab nan zye pa yo.